

Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Nou pare pou nou kòmanse etidye ekspozan ak nonm ki swa gwo anpil oswa piti anpil. Yo ka konsidere ekspozan tankou yon fason pi kout pou nou ekspriye miltiplikasyon ki repete : $5 \times 5 \times 5$ se menm bagay ak 5^3 . Nan egzanp sa a, 3 se ekspozan an. Nou pral etidye ekspozan ak rasin pi afon pase jan nou te etidye yo anvan an.

Nou pral dekouvri relasyon ki ogmante (oubyen retresi) dapre ekspozan an. Nan kalite relasyon sa a, kantite chanjman an ogmante deplizanpli (oubyen diminye deplizanpli) chak fwa. Ogmantasyon nan popilasyon ak enterè konpoze se egzanp kwasans eksponansyèl. Si w depoze 100\$ nan yon kontanbank ki rapòte 7% enterè, balans lan ap ogmante eksponansyèlman ; remake tout pandan pousantaj enterè an rete menm jan, chak ane kantite enterè ki reyalize an dola a ogmante.

Ane	Enterè ki Reyalize	Kantite lajan ki gen nan kont lan
1	7,00\$	107,00\$
2	7,49\$	114,49\$
3	8,01\$	122,50\$
4	8,58\$	131,08\$
5	9,18\$	140,26\$
6	9,81\$	150,07\$

Nou pral aprann kijan pou nou fè diferans ant nonm rasyonèl ak nonm irasyonèl epi kijan pou nou devlope kèk estrateji pou travay ak irasyonèl yo. Yo defini nonm rasyonèl kòm nonm yo ka ekspriye sou fòm kosyan yon antye relatif divize pa yon lòt antye relatif. Nonm irasyonèl se nonm ki pa ni repete ni fini lè yo ekspriye yo sou fòm yon desimal, tankou $\sqrt{2}$ ak π :

$$\sqrt{2} = 1,414213562. . .$$

$$\pi = 3,141592654. . .$$

Vokabilè Nan pwochen leson yo, nou pral aprann nouvo tèm vokabilè sa yo :

faktè ekstenksyon
nonm rasyonèl
faktè kwasans

nonm reyèl
nonm irasyonèl
notasyon syantifik

nyèm rasin
rasin kare
siy radikal

Kisa w ka fè lakay ?

Pandan pwochen semenn yo, elèv ou an ka montre li enterese nan relasyon eksponansyèl oubyen nan nonm ki gwo anpil oubyen ki piti anpil. Ou ka ede l reflechi sou evenman òdinè sou sijè sa yo, tankou enterè konpoze oubyen depresyasyon otomobil ou an ane apre ane. Si w jwenn egzanp pou nonm ki gwo anpil oubyen ki piti anpil nan jounal la – dèt nasyonal la se yon bon egzanp – mande elèv ou an pou li eseye ekspriye yo ni sou fòm notasyon estanda ni sou fòm eksponansyèl alafwa.

